

Regleman HAP 2010  
sou Obligasyon pou  
Rannkont nan zafè  
imanitè ak Jesyon Kalite

Se

**HAP Entènasyonal**

Ki pibliye dokiman sa a

Maison Internationale de l'Environnement 2

Chemin Balexert 7

CH-1219 Châtelaine

Geneva, Switzerland (Jenèv, Peyi Laswis)

Tel: +41 22 788 1641

I-mèl: [secretariat@hapinternational.org](mailto:secretariat@hapinternational.org)

Sit wèb: <http://www.hapinternational.org>

Premye edisyon: 2007

Edisyon sa a: 2010

Tradiksyon an Kreyòl Ayisyen: Liesbet Dewallef (RNDDH, Réseau National de Défense des Droits Humains)

Revizyon: Olivier Sanon (World Vision); Geneviève Blaise, (Care); Harold Paul (Christian Aid); Esaie Clervil

(RNDDH, Réseau National de Défense des Droits Humains)

Dokiman sa a se yon tradiksyon yon tèks ki te an Anglè: "The 2010 HAP Standard in Redevelopment and Quality Management", ki te pibliye nan lane 2010 ak nimewo ISBN 978-2-8399-0830-6

© *Tout dwa resève. HAP Entènasyonal gen dwa fè kopi materyèl sa a. Ou gen dwa kopye l nèn pòt ki fason pou fè edikasyon tankou fòmasyon, rechèch, ak aktivite nan kad yon pwogram, si nou bay sous la. HAP Entènasyonal tap renmen jwenn detay sou tout kalite itilizasyon sa yo. Si ou vle kopye l nan yon lòt ka oubyen pou reyitilize l nan yon lòt piblikasyon, oubyen pou tradwi l, oubyen pou adapte l, ou ta dwe jwenn yon pèmisyon ekri avan ou fè sa nan men enstans ki gen dwa kopi a.*

# **Regleman HAP 2010 sou Obligasyon pou Rannkont nan zafè imanite ak Jesyon Kalite**

## **Sa ki ladan l**

**Yon ti mo avan**

**1. Entwodiksyon**

**2. Objektif ak ki kote ou ka itilize l**

**3. Konsèp ak definisyon yo**

**4. Angajman Regleman HAP**

**5. Egzijans Regleman HAP**

5.1 Egzijans jeneral

5.2 Egzijans patikilye: kondisyon ou dwe swiv yo

**Anèks: Prensip Obligasyon pou Rannkont HAP yo**

## Yon ti mo avan

Humanitarian Accountability Partnership (HAP) International (Patenarya Obligasyon pou Rannkont nan kad Imanitè Entènasyonal) te pran nesans nan lane 2003 pou fè promosyon obligasyon pou rannkont pou moun ki sibi yon kriz imanitè epi pou rekonèt òganizasyon sa yo ki respekte *Prensip Obligasyon pou rannkont* HAP yo. Manm fondatè yo te devlope *Prensip* sa yo kòm yon kondisyon pou yon òganizasyon ka vin manm HAP. Lè yon òganizasyon itilize *Prensip* sa yo, li kòmanse ap rann kont pou kalite travay li fè bay moun yo li vle ede yo oubyen l ap travay pou yo a. Pou yo ta gen yon apwòch lojik, san paspouki, ki byen chita pou kontwole si manm HAP yo itilize ak respekte *Prensip Obligasyon pou Rannkont* yo, HAP te devlope Regleman HAP 2007 sou Rann kont nan zafè Imanitè ak Jesyon Kalite. Sa a se te premye regleman entènasyonal ki te devlope pou evalye, amelyore epi rekonèt obligasyon pou rannkont ak kalite pwogram imanitè yo.

## Kijan Regleman HAP 2010 la te devlope

*ISO/IEC Directives Part 2, Rules for the Structure and Drafting of International Standards fifth edition, 2004* (Direktiv ISO/IEC dezyèm pati, Règ pou Estrikti ak Premye vèsyon Ekri Regleman Entènasyonal yo, senkyèm edisyon, 2004) te gide demach la pou ekri *Regleman HAP sou Obligasyon pou Rannkont ak Jesyon Kalite 2010* (Nan dokiman sila, n ap rele l “Regleman HAP la” oubyen “edisyon 2010 la”). Edisyon 2010 la ranplase edisyon 2007 la, aprè yon peryòd tranzisyon.

Regleman HAP la se rezilta anpil revizyon edisyon 2007 la gras ak eksperyans sou fason diferan òganizasyon te itilize l. Epi li fè parèt aprantisaj nan pratik obligasyon pou rannkont depi 2007. Konsèy kap dirije HAP la te bay yon komite otorizasyon pou sipèvizè revizyon an. Demach revizyon an se te yon kokenn chenn konsiltasyon ak diferan kategori moun ki konsène yo, tankou sinistre yo, profesyonèl imanitè yo ak bayè de fon yo. Plis pase 1,900 moun te kontribye nan revizyon an ak preparasyon edisyon 2010 la. Yo te vini avèk yon seri eksperyans yo te viv ki soti nan diferan kalite gwoup.

Lè yo tap prepare Regleman HAP la, Sekretarya HAP la te chache enfòmasyon ki soti nan aksyon kalite ak obligasyon pou rannkont, tankou “Sphere Project” (Projè Esfè), “People In Aid” (Moun ki nan bezwen) ak lòt enstans ki an kontak ak manm HAP yo, tankou “Australian Council for International Development” (Konsèy Ostralyen pou Devlopman Entènasyonal) ak “UK Disasters Emergency Committee” (Komite Ijans Wayòm Ini nan ka dezast). Efò sa a fè pati travay HAP ap fè chak jou pou amelyore fason Regleman HAP ap mache ansanm ak lòt regleman ki enpòtan yo. “Plain English Campaign” (Kanpay pou yon menm Anglè) te revize plizyè draf Regleman HAP la (vèsyon Anglè) ak yon atansyon espesyal pou rann langaj ki itilize a klè pou tout moun.

## Kiyès ki te aprouve edisyon 2010 la

Konsèy HAP la, ki te gen otorizasyon bò kote Asanble Jeneral HAP la, te aprouve vèsyon Anglè edisyon 2010 la, jou ki te 20 Oktòb 2010.

## Kisa ki diferan nan edisyon 2010 la

Edisyon 2010 la gen tout lide edisyon 2007 la ladan l, men li prezante l nan yon lòd ki pi lojik, dapre *Direktiv ISO/IEC Dezyèm Pati a* ak yon nivo langaj ki fasil pou moun komprann. “Prensip Obligasyon pou Rannkont HAP yo” nan anèks edisyon 2010 la. “Regleman sou kijan yon òganizasyon kapab jwenn yon sètifika” ki te nan edisyon 2007 la, w ap jwenn li anba tit “Demach pou jwenn yon sètifika HAP” (paragraf 2.4) nan edisyon 2010 la. Paragraf “Avan tout bagay” ak “Prensip pou aksyon imanitè yo” nan edisyon 2007 la, yo te revize yo epi w ap jwenn yo anba tit “Angajman Regleman HAP la” (4em seksyon) nan edisyon 2010 la. Paragraf sou “Travay ak patnè imanitè” nan edisyon 2007 la w ap jwenn li anba tit “Objektif ak ki kote ou ka itilize l” (paragraf 2.2.2) nan edisyon 2010 la. Paragraf “Metè prensip yo an pratik” ak “Deklarasyon sou lòt angajman ki pran” nan edisyon 2007 la, w ap jwenn yo anba tit “Egzijans jeneral” (paragraf 5.1) nan edisyon 2010 la.

Regleman HAP la te devlope pou itilize l nan pwogram sekou imanitè. Baze sou eksperyans ak sou konsiltasyon revizyon an, objektif edisyon 2010 la vin pi laj. Ou kapab itilize Regleman HAP la tou pou lòt aspè travay yon òganizasyon, tankou devlopman ak pledwaye. Paske objektif la vin pi laj, sa pa vle di domèn prensipal travay HAP la chanje.

An jeneral, edisyon 2010 la bay plis detay sou egzijans yo pase edisyon 2007 la. Yo te ranfòse eleman obligasyon pou rannkont nan zafè lajan ak prevansyon kadejak ak eksplwatasyon seksyèl nan lide pou yo te fè kòmantè sou edisyon 2007 la parèt epi pou fè l mache pi byen ansanm ak lòt sistèm obligasyon pou rannkont. Genyen yon seksyon apa pou òganizasyon k ap travay ak patnè yo, w ap jwenn li anba chak kondisyon ou dwe swiv.

Lòd kondisyon ou dwe swiv yo chanje, epi gen ti chanjman ki te fèt nan redaksyon kondisyon ou dwe swiv yo. Senk egzijans patikilye nan edisyon 2010 la gen bagay ladan l ki pat parèt nan edisyon 2007 la. Egzijans sa yo se 1.3, 2.2, 3.1, 3.2.6 ak 4.3 nan paragraf 5.2 Regleman HAP la.

### **Prochèn dat pou revizyon Regleman HAP la**

Regleman HAP la pral kontinye evolye epi amelyore. HAP envite moun kap itilize Regleman HAP yo pataje eksperyans yo epi voye yo bay Sekretarya HAP la ([secretariat@hapinternational.org](mailto:secretariat@hapinternational.org)). Komantè sa a ap ede HAP pou toujou jwenn ak pataje aprantisaj nan aplikasyon Regleman HAP la.

HAP pral revize epi mete nouvo bagay nan Regleman HAP la aprè 2015.

# 1. Entwodiksyon

## 1.1 Obligasyon pou Rannkont ak Regleman HAP la

Obligasyon pou Rannkont ka gen anpil sans. Moun te toujou konprann li kòm fason moun yo ki bay lòt moun otorizasyon pou aji nan non yo, ka asire yo itilize pouvwa sa a jan yo te mete yo dakò sou li a. Kounya moun yo konprann obligasyon pou rannkont tankou yon dwa nenpòt moun ki anba otorite yon lòt moun genyen tou. Nouvo sans sa a obligasyon pou rannkont lan vin genyen eksplike poukisa Regleman HAP la te fèt. Nan Regleman HAP la, *obligasyon pou rannkont vle di mwayen ki fè y ap itilize pouvwa yo yon fason ki responsab*. Se yon demach kote ou konsidere opinyon tout moun ki konsène yo epi kote w ap rann kont bay tout moun sa yo, an premye moun ki anba pouvwa oubyen otorite lòt yo

Obligasyon pou rannkont sitou nesèsè pou òganizasyon ki ede, oubyen aji nan non moun ki viktim yon dezaz osinon ki gen ris pou sibi dezaz, konfli, lamizè oubyen lòt kriz. Òganizasyon sa yo genyen anpil pouvwa nan travay y ap fè pou sove lavi ak diminye soufrans. Okontrè, sinistre yo pa gen okenn kontwòl klè ak souvan yo preske san enfluyans sou òganizasyon sa yo. Kòm konsekans, li difisil pou moun sa yo egzije òganizasyon sa yo rann kont bay yo pou aksyon yo fè nan non yo.

Lè yo rann kont bay sinistre yo, sa ede òganizasyon yo devlope bon jan kalite pwogram ki satisfè bezwen moun sa yo a, epi sa diminye posiblite pou erè, abi ak koripsyon. Lè yo byen jere demach obligasyon pou rannkont yo ede òganizasyon yo fè pi bon travay. Nan sityasyon sa a, Regleman HAP la ede òganizasyon yo evalye, amelyore epi rekonèt kalite ak obligasyon pou rannkont travay pa yo. Ni òganizasyon an ni sinistre yo benefisye.

## 1.2 Sa ki nan Regleman HAP la

Nan seksyon 2 a, w ap jwenn ki kote ou ka itilize Regleman HAP la. Seksyon 3 a bay kèk konsèp ak definisyon ki enpòtan lè w ap itilize Regleman HAP la. Prensip ki angaje òganizasyon yo k ap itilize Regleman HAP la, yo nan seksyon 4. Seksyon 5 lan prezante egzijans Regleman HAP la<sup>1</sup>, idantifye ak mo “dwe” a.

Tout pati dokiman sa a fè pati Regleman HAP la. Youn ranfòse lòt epi youn bati sou lòt.

---

<sup>1</sup> Egzijans kontraktiyèl ak legal yo oubyen sa ki gen rapò ak estati yo pa fè pati Regleman an.

## 2. Objektif ak ki kote ou ka itilize I

### 2.1 Objektif

Regleman HAP la ede òganizasyon yo ki ede oubyen aji nan non viktim dezaz osinon moun ki gen ris pou sibi dezaz, konfli, lamizè oubyen lòt kriz pou devlope, itilize, evalye, amelyore epi rekonèt pwogram obligasyon pou rannkont yo. Li eksplike kijan pou pran yon angajman devan obligasyon pou rannkont yo ak demach yo k ap asire bon jan kalite pwogram pou moun ki fè eksperyans pèsone ak pwogram sa yo. Regleman HAP la fèt nan entansyon pou itilize I swa pou kont li osinon ansanm ak lòt zouti, prensip ak regleman.

### 2.2 Ki kote ou ka itilize I

Ou ka itilize Regleman HAP nan tout kalite òganizasyon lokal, nasyonal ak entènasyonal ki ede, oubyen ki aji nan non viktim dezaz osinon ki gen ris pou sibi dezaz, konfli, lamizè osinon lòt kriz. Ou ka itilize I nan òganizasyon ki manm HAP, nan òganizasyon ki pa manm HAP, nan òganizasyon ki gen plizyè objektif (al gade nan paragraf 2.2.1 an), nan òganizasyon ki bay asistans dirèk ak nan sa yo ki travay ak patnè yo (al gade nan paragraf 2.2.2 a).

#### 2.2.1 Òganizasyon ki gen plizyè objektif

Anpil òganizasyon pa sèlman pote sekou imanité, men yo bay tout kalite èd pou moun ki viktim oubyen gen ris pou sibi dezaz, konfli, lamizè osinon lòt kriz. Li pa toujou fasil pou fè diferans lan klè ant sa ki èd imanité ak sa ki èd pou devlopman. Pa egzanp, aktivite pou diminye ris dezaz yo gen toude (2) kalite èd yo ladan I, epi nan tan ki pase, yon òganizasyon ta ka bay toude (2) kalite èd: sekou dezaz ak èd devlopman pou yon menm gwoup moun.

Nan enterè viktim nan nenpòt ki kalte kriz, kote manm HAP ak lòt òganizasyon vle ede, ou ka itilize Regleman HAP la nan tout aspè travay yon òganizasyon tankou: pote sekou, devlopman ak pledwaye. Regleman HAP la gen rapò ak preparasyon kont dezaz ak retounen nan lavi nòminal la, paske li sipòte apwòch ki rekonèt epi ranfòse kapasite moun ki viktim oubyen ki gen ris pou sibi kriz yo. Nou ta dwe konprann konsèp yo HAP itilize nan Regleman HAP la, sitou konsèp "imanité" a, yon fason laj. Jan yo konprann konsèp yo depann ak desizyon chak òganizasyon pran nan kad aplikasyon edisyon 2010 la. HAP ankouraje òganizasyon ki genyen diferan kalte pwogram nan yon menm zòn, pou yo travay pou respekte Regleman HAP la atravè tout pwogram ki genyen nan zòn sa a.

#### 2.2.2 Òganizasyon k ap travay ak patnè yo

Regleman HAP la valab pou:

- òganizasyon yo ki pote èd dirèkteman bay sinistre yo;
- òganizasyon yo ki bay lòt òganizasyon sipò finansye, materyèl osinon teknik, men ki pa dirèkteman patisipe nan bay asistans lan; ak
- òganizasyon yo ki itilize toude (2) apwòch sa yo.

Yon òganizasyon ki travay ak patnè pa p nan yon pozisyon kote li ka respekte Regleman HAP la pou moun yo li vle ede menm jan ak yon òganizasyon ki bay asistans dirèk. Men, yon òganizasyon k ap travay ak patnè bezwen itilize Regleman HAP la pou patnè li yo epi nan travay ak patnè yo pou idantifye ki fason ki bon pou yo respekte Regleman HAP la pou moun yo yo vle ede ak lòt moun ki konsène yo, jan sa ta dwe ye. Poutèt sa a, chak kondisyon ou dwe swiv nan Regleman HAP la genyen egzijans anplis ladan I pou òganizasyon yo ki travay ak patnè, pou patnè sa yo kapab respekte egzijans sa yo ki gen rapò ak bay èd dirèk la.

## 2.3 Moun k ap itilize Regleman HAP la

Regleman HAP la fèt pou tout moun kap fè, kontribiye nan fè, resevwa, obsève, evalye epi asire bonjan kalite aksyon imanite. Regleman HAP la pèmèt:

- Òganizasyon yo devlope ak itilize demach obligasyon pou rannkont dapre egzijans ki klè. L ap pèmèt yo enfòme moun ki konsène sou apwòch yo epi l ap pèmèt òganizasyon yo gen yon baz ki klè pou evalye ak amelyore pratik yo;
- Moun ki konsène yo idantifye, evalye ak fè kòmantè sou obligasyon pou rannkont ak kalite travay yon òganizasyon, pandan y ap sèvi ak kondisyon ou dwe swiv ki klè ak egzijans ki mache avèk yo;
- Moun ki itilize l revize ak fè kòmantè sou nivo obligasyon pou rannkont yon òganizasyon epi evalye pèfòmans li menm jan sinistre yo ak lòt moun ki konsène yo viv li. Regleman HAP la ofri yon baz pou evalye ak rekonèt òganizasyon ki respekte li, atravè fason pou jwenn sètifika HAP la (al gade nan paragaf 2.4 la). Poutèt sa a, yo te fòmile egzijans yo tankou yon kritè ou ka kontwole.

Kiyès ki kapab itilize Regleman HAP la:

- Konseye ak konsiltan, pou evalye ak fè kòmantè sou sistèm obligasyon pou rannkont ak jesyon kalite ak pou ede devlope yo epi itilize yo;
- Moun kap travay nan devlopman pwofesyonèl ak fòmasyon, pou devlope konpetans sou obligasyon pou rannkont ak sistèm jesyon kalite, ak
- Lòt òganis kap devlope regleman yo, pou yo pote yon konpreyansyon klè sou obligasyon pou rannkont nan travay pa yo.

## 2.4 Fason pou jwenn yon sètifika asirans kalite HAP

Après bonjan verifikasyon konplè epi endepandan, fason pou jwenn sètifika HAP la kontwole ak rekonèt si yon òganizasyon respekte Regleman HAP la. HAP, oubyen yon òganis HAP bay dwa pou sa, fè verifikasyon an. Pou soti kalifye nan yon verifikasyon pou sètifikasyon HAP la, yon òganizasyon bay prèv sa yo:

1. li deklare klèman li pa yon òganizasyon ki dèyè profi, nan yon peyi osinon nan plizyè peyi kote li legalman anrejistre e kote l ap travay;
2. li respekte egzijans pou rannkont sou lajan dapre lalwa peyi a osinon nan plizyè peyi kote li legalman anrejistre ak kote l ap travay, epi li gen yon sistèm kontwòl entèn serye ki asire lajan an itilize kòrèkteman, epi
3. li rann prensip pou obligasyon pou rannkont li a piblik, li te revize nivo respè prensip la, epi li gen yon plan pou amelyore pèfòmans li nan sans sa a.

Detay konplè sou fason pou jwenn sètifika HAP la, ansanm ak pou ki kantite tan sètifika a ap kapab itilize ak verifikasyon sistem jesyon enstitisyon an ki dwe fèt nan mwaye peryòd sa a, disponib nan *The Guide to HAP Certification* (Gid pou Sètifikasyon HAP).

## 2.5 Relasyon ak lòt aksyon

Regleman HAP la gen entansyon mache ansanm ak lòt regleman ki gen rapò ak obligasyon pou rannkont bay viktim diferan kalite kriz, menm jan ak regleman ak règ ki patikilye pou yon tèm sou sistèm jesyon kalite, dwa moun, pwoteksyon kont abi ak koripsyon. Egzanp enpòtan yo se regleman ISO, *UN Secretary-General's Bulletin: Special measures for protection from sexual exploitation and sexual abuse* (ST/SGB/2003/13), *Sustainability Reporting Guidelines and NGO Sector Supplement of the Global Reporting Initiative*, *One World Trust Global Accountability Framework*, ak *Transparency International Handbook on Preventing Corruption in Humanitarian Operations* (2010).

An patikilye, Regleman HAP la an gen entansyon mache ansanm ak travay People In Aid (Moun ki nan bezwen), the Sphere Project (Projè Esfè), the Emergency Capacity Building Project (Projè pou Ranfòse Kapasite nan ka Ijans), Groupe URD - Urgence, Réhabilitation, Développement (Gwoup URD – Ijans, Reyabilitasyon ak Devlopman) , the Active Learning Network for Accountability and Performance in Humanitarian Action - ALNAP (Rezo Aprantisaj Aktif sou Obligasyon pou Rannkont ak Pèfòmans nan kad Aksyon Imanite) ak prensip ki gouvènè tèt yo epi ki konsantre sou obligasyon pou rannkont ak bon kalite nan sektè a ki pap chache profi a.

Sekretarya HAP la ap prepare dokiman travay sou fason Regleman HAP mache ansanm ak lòt aksyon ki enpòtan nan sans sa a. Y ap mete nouvo enfòmasyon nan dokiman travay sa yo toutan pou yo ka fè parèt aprantisaj ak chanjman nan Regleman HAP la ak nan aksyon sa yo, epi HAP pral mete yo disponib sou sit wèb HAP la.

### 3. Konsèp ak definisyon yo

Chak òganizasyon gen pwòp konsèp ak definisyon pa li, epi li sèvi ak yon langaj ki mache ak bezwen patikilye li yo. Objektif definisyon sa yo n ap bay la a se pou ankouraje yon menm konpreyansyon pou konsèp nou itilize nan Regleman HAP la. Dabò w ap jwenn definisyon sijè prensipal nan Regleman HAP la. Aprè sa a, w ap jwenn de (2) lòt gwoup sijè, akonpaye ak definisyon lòt tèm yo nan lòd alfabetik.

**Moun òganizasyon an vle ede yo:** fanm, gason, tigason ak tifi osinon gwoup ki gen bezwen, vilnerablite ak kapasite ki diferan, yon òganizasyon angaje tèt li pou ede yo. Lòt mo òganizasyon yo konn itilize se benefisyè, kominote sib, popilasyon sib, patisipan yo, demandè yo ak moun ki gen dwa yo. Yon òganizasyon ta kapab pa vize ede tout sinistre yo nan yon zòn patikilye. Poutèt sa a Regleman an fè yon diferans ant "moun òganizasyon an vle ede yo" ak tout "sinistre yo" nan yon zòn patikilye.

**Sinistre yo:** tout moun ki viktim oubyen gen ris pou sibi dezas, konfli, lamizè osinon lòt kriz nan yon kote patikilye. Yon òganizasyon ta kapab pa vize ede tout sinistre yo, jan nou eksplike sa pi wo a.

**Lòt moun ki konsène yo:** Lot moun, gwoup ak antite (diferan pase de (2) gwoup nou mansyonnen pi wo a) yon òganizasyon ka idantifye paske li gen enfliyans sou yo, oubyen paske moun ak gwoup sa yo sibi enfliyans anba desizyon ak aksyon li yo. Poutan sa pa vle di tout moun ki gen konesans, oubyen opinyon sou yon òganizasyon ladan l. Òganizasyon yo gen anpil moun ki konsène. Moun sa yo gen diferan nivo patisipasyon. Souvan yo genyen enterè ak perèz ki pa samble ditou (pafwa enterè ak perèz sa yo pa marye ansanm menm). Pou òganizasyon k ap travay ak patnè, òganizasyon patnè pa yo se yon lòt egzanp "lòt moun ki konsène yo".

**Aksyon imanité:** èd, pwoteksyon ak pledwaye ki fèt san paspouki pou reponn ak bezwen moun yo genyen akoz yon sityasyon ijan politik ki konplike oubyen yon danje natirèl. (ALNAP)

**Anplwaye yo:** moun k ap travay pou yon òganizasyon, yo ka anplwaye nasyonal ak entènasyonal, ki la pou tout tan oubyen la pou yon ti tan, volontè, konsiltan ak nenpòt lòt moun, lè y ap kominike nan non òganizasyon an ak moun òganizasyon an vle ede yo.

**Asirans kalite:** se yon seri aktivite ki detèmine oubyen kontwole si pwodwi yo oubyen sèvis yo reponn oubyen depase sa moun yo ki gen pou jwenn pwodwi ak sèvis sa yo ap tann nan. Asirans kalite se yon apwòch kote ou menen demach la ak etap patikilye pou ede defini ak reyalize objektif yo.

**Demach nan zafè obligasyon pou rannkont:** se yon dokiman ki presize sou kisa moun ki konsène yo ka egzije yon òganizasyon rann kont bay yo. Detay sou kisa HAP bezwen nan yon demach nan zafè obligasyon pou rannkont, n ap bay yo nan egzijans 1.1 (al gade nan paragraf 5.2). Demach nan zafè obligasyon pou rannkont lan pèmèt òganizasyon yo kominike, itilize, swiv epi amelyore angajman yo pran. Poutèt sa a demach global pou obligasyon pou rannkont lan dwe adapte nan sityasyon patikilye yo. Yon demach nan zafè obligasyon pou rannkont ka gen ladan l: yon analiz debaz sou respè pou angajman yo te pran an, yon plan detaye pou mete angajman sa yo an pratik ak yon machaswiv pou anplwaye yo, ki ekri nan dokiman sa a menm, oubyen nan yon lòt dokiman.

**Fason pou jere plent:** yon seri aksyon byen patikilye yon òganizasyon itilize pou jere plent epi ki asire swivi ak yon solisyon pou plent yo. Detay sou kisa HAP egzije pou yon fason pou jere plent yo, w ap jwenn sa a nan egzijans 5.1 (al gade nan paragraf 5.2). Òganizasyon yo ki respekte Regleman HAP la genyen fason pou jere tout kalite plent, tankou: plent sou eksplwatasyon seksyèl ak abi anplwaye yo fè sou viktim yo.

**Jesyon Ris:** Se idantifye ris yo, evalye yo ak mete yo nan lòd selon priorite yo. Aprè sa a, w ap itilize resous yo yon yon fason ki efikas ak byen planifye pou rann pi piti, obsève, ak kontwole posiblite,

oubyen konsekans evenman malere yo, oubyen pou profite pi plis posib opòtinite yo. Ris ak defisi ki pi gran an ak chans pou yo rive fèt ki pi gran an, w ap jere yo an premye.

**Konpetans yo:** konesans, abilite, konpòtman ak atitud anplwaye yo bezwen pou yo ka efikas nan wòl yo epi se sa k ap fè yon òganizasyon reyisi finalman.

**Konsantman enfòmè:** bay akò ou pou yon aksyon, aprè ou fin konprann bagay yo byen konprann epi ou wè klè nan kisa sa a vle di pou ou ak ki konsekans sa ap genyen pou ou.

**Obligasyon pou rannkont:** se mwayen pou ou itilize pouvwa yon fason responsab. Se yon demach kote ou pran an kont epi ou rannkont bay diferan moun ki konsène yo, sitou moun yo ki anba pouvwa lòt yo.

**Òganizasyon:** yon antite legal ak yon estrikti ki defini, tach, règ ak regleman, ak anplwaye yo ki la pou fè yon seri aktivite. Ou ka itilize Regleman HAP nan tout yon òganizasyon oubyen nan yon pati yon òganizasyon, oubyen nan yon gwoup oswa yon patenarya òganizasyon yo. Òganizasyon yo genyen yon estrikti, gouvènans ak jesyon ki diferan. Lè yo kòmanse itilize regleman HAP la, y ap bay yon definisyon òganizasyon an, kote y ap pran an kont aktivite, pwodwi, sèvis, zòn ak filyal yo, òganizasyon an ap jere osinon gen yon responsablite pou yo devan lalwa.

**Patenarya:** yon aranjman klè pou travay ansanm pou reyalize yon objektif patikilye, kote wòl chak patnè ak responsablite yo fikse nan yon akò ekri. Diferan òganizasyon gen diferan kalite patnè. Pa egzanp, manm asosyasyon yo oubyen òganizasyon ak manm ki reponn ak definisyon sa a kapab patnè tou. Aranjman enfòmèl yo nou pa konsidere yo kòm 'patenarya' anba Regleman HAP la, menmsi yon òganizasyon k ap itilize regleman HAP la ka chwazi elaji definisyon sa a.

**Plent:** yon plent patikilye nan men nenpòt ki moun ki te viktim anba aksyon yon òganizasyon oubyen yon moun ki kwe yon òganizasyon manke respekte angajman yo te pran an.

**Regleman pou anplwaye yo:** se yon deklarasyon sou prensip ak valè ki tabli yon seri règ ak sa moun ap tann sou ki kalite konpòtman anplwaye yo dwe genyen, nivo respè règ sa yo ki pi piti a ansanm ak aksyon disiplinè yo. (Transparans Entènasyonal)

**Sistèm pou fè jesyon kalite:** Se yon seri demach k ap mache ansanm ki pèmèt yon òganizasyon toujou amelyore pèfòmans li nan satisfè bezwen kliyan li yo ak sa y ap tann nan men li yo. Nan Regleman HAP la demach sa yo pèmèt òganizasyon yo amelyore pèfòmans yo nan satisfè bezwen ak atant yo, epi respekte diyite moun yo yo vle ede a. Detay sou kisa HAP bezwen pou yon sistèm pou fè jesyon kalite dapre regleman HAP la, w ap jwenn li nan egzijans 1.2 (al gade paragaf nan 5.2).

## 4. Angajman Regleman HAP

**Nou rekonèt** sa ki esansyèl nan obligasyon pou rannkont lan se respekte bezwen, preyokipasyon, kapasite ak sityasyon moun yo vle ede yo epi pou nou pran responsablite nou pou aksyon pa nou ak desizyon nou yo devan moun sa yo ak lòt moun ki konsène.

**Nou respekte** lalwa entènasyonal imanità, lalwa entènasyonal refijye yo, lalwa dwa moun ak tout lòt trete entènasyonal ak lwa nasyonal yo ki enpòtan nan sans sa a.

**Nou repete** leta yo gen prensipal responsablite pou tout moun ki sou teritwa pa yo epi leta yo gen devwa pou yo bay asistans ak pwoteje moun ki nan bezwen yo.

**Nou defann** dwa moun ki nan bezwen yo pou yo resevwa èd ak pwoteksyon sou baz konsantman enfòmè yo, ak dwa tout moun pou yo bay èd ki reponn ak bezwen moun yo.

**Nou dakò** tout moun k ap patisipe nan aksyon imanità pataje devwa pou pote swen pou byennèt moun yo yo vle ede, epi

**Nou rekonèt** repons obligasyon imanità a ka pran plizyè fòm, epi lòt presyon ki soti deyò enstitisyon an ka enfliyanse yo.

Òganizasyon yo ki respekte regleman HAP pran yon angajman pou respekte Prensip Regleman HAP epi rann kont bay moun yo dapre egzijans Regleman HAP la.

## Prensip Regleman HAP yo<sup>2</sup>

**Limanite:** Nou sousye byennèt ak gen respè pou moun.

**San fòskote:** N ap bay èd imanité dapre bezwen yo, ak bay priyorite ak bezwen ki pi ijan yo, san diskriminasyon (tankou sa ki baze sou laj, sèks, ras, andikap, gwoup etnik, nasyonalite oubyen afilyasyon politik, relijye, kiltirèl oubyen òganizasyonèl).

**San pozisyon politik:** Nou vle sèlman satisfè bezwen moun epi evite pran pozisyon nan konfli ki vyolan oubyen bay materyèl oubyen sipò politik bay pati ki nan yon konfli ame.

**Endepandans:** N ap aji sèlman anba otorite k ap dirije òganizasyon an ak nan menm sans ak objektif òganizasyon an.

**Patisipasyon ak konsantman enfòmè:** N ap tandè ak reponn komantè nan men viktim kriz yo, lè n ap planifye, egzekite, swiv ak evalye pwogram yo, epi asire viktim kriz la konprann ak mete yo dakò sou aksyon imanité pwopoze a epi yo wè klè nan ki konsekans sa ap genyen pou yo.

**Devwa pou pote swen:** N ap respekte règ ki pi piti yo ki byen rekonèt pou garanti byennèt sinistre yo, epi n ap bay atansyon nòmalman pou sekirite pa yo ak sekirite anplwaye yo.

**Temwen:** N ap rapòte lè aksyon lòt moun gen yon efè negatif sou byennèt moun ki nan nesesite pou jwenn èd imanité osinon pwoteksyon.

**Ofri koreksyon:** N ap pèmèt sinistre yo, anplwaye yo pòte plent, epi n ap reponn ak aksyon ki korèk.

**Kat sou tab:** N ap onèt ak ouvè nan kominikasyon nou yo epi n ap bay enfòmasyon ki enpòtan, nan yon fòm ki reponn bezwen sinistre yo ak lòt moun ki konsène yo.

**Konplemantarite:** N ap travay kòm yon manm responsab nan kominote k ap bay èd la, n ap travay ansanm ak lòt moun pou ankouraje obligasyon pou rannkont ak tèt ansanm, pou sinistre yo.

---

<sup>2</sup> Kat (4) premye Prensip sa yo soti nan Prensip Fondamantal Kwa Wouj la. Lòt sis (6) yo espesyalman enpòtan lè w ap pale koze obligasyon pou rannkont, kèk nan yo soti nan *Prensip obligasyon pou rannkont HAP la*.

## 5. Egzijans Regleman HAP

### 5.1 Egzijans jeneral

5.1.1 Pou respekte Regleman HAP la, yon òganizasyon dwe respekte tout egzijans li yo.

5.1.2 Yon òganizasyon ki pa kapab respekte Regleman HAP la nan yon sitiyasyon patikilye, paske gen presyon ki sòti deyò, dwe eksplike epi jistifye rezon li genyen pou sa devan moun ki konsène yo. Nan eksplikasyon òganizasyon an apwòch li genyen nan domèn jesyon ris ak Prensip Regleman HAP la, ki bay konsèy lè yon òganizasyon bezwen fè yon chwa difisil, dwe parèt. Pa respekte egzijans yon prensip ka lakoz ou pa ka respekte yon lòt prensip nan yon sitiyasyon byen patikilye.

5.1.3 Òganizasyon an dwe fè yon deklarasyon piblik sou enterè anplis li yo. Sa yo gen pou wè ak lòt afilyasyon, enterè ak valè ki ka frape moun òganizasyon an vle ede yo dirèkteman. Objektif deklarasyon an se pou bay yon konpreyansyon jeneral sou kisa òganizasyon an ye ak enterè li genyen yo. Kote sa mache, deklarasyon an ka fè pati demach pou obligasyon pou rannkont yon òganizasyon.

### 5.2 Egzijans patikilye: Kondisyon ou dwe swiv nan Regleman HAP

Gen sis kondisyon ou dwe swiv nan regleman HAP la. Chak gen egzijans ki mache avèk yo, ki endike ak mo "dwe" a, ak mwayen pou kontwole yo, ki presize ki sous enfòmasyon yo k ap pèmèt evalyasyon fèt pou wè si egzijans yo respekte. Premye egzijans chak kondisyon ou dwe swiv sa yo gen pou wè ak politik òganizasyon an osinon deklarasyon enstitisyon an, epi egzijans ki vini aprè gen pou wè ak pratik yon òganizasyon. Sous enfòmasyon yo se yon mariyaj dokiman, entèvyou (chita pale) ak diferan kalite moun enpòtan ki konsène, ak obsèvasyon pratik.

Kondisyon ou dwe swiv yo eksplike anba la, yo akonpaye ak tablo ki bay chak kondisyon ou dwe swiv sa yo, egzijans li yo ak mwayen pou kontwole yo:

- Pran ak respekte angajman yo;
- Konpetans anplwaye yo;
- Bay enfòmasyon;
- Patisipasyon;
- Tretman plent; ak
- Aprantisaj ak amelyorasyon san kanpe.

# 1. Pran ak respekte angajman yo

Òganizasyon an deside sou ki angajman l ap pran, sou kijan l ap rannkont epi respekte angajman sa yo.

Egzijans yo		Mwayen pou kontwole yo	
1.1	<p>Òganizasyon an dwe ekri yon demach pou obligasyon pou rannkont ki:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. idantifye moun ki konsène li yo, ak ki kalite moun li vle ede dabò;</li> <li>2. deklare angajman li yo, pandan l ap di ki kalite moun li vle ede;</li> <li>3. gen ladan l kondisyon HAP moun dwe swiv yo;</li> <li>4. gen dizon lidè pa li yo; ak</li> <li>5. gen yon gran kalandriye pou reyalize chak angajman.</li> </ol>	1	Demach pou obligasyon pou rannkont lan
1.2	<p>Òganizasyon an dwe itilize demach pou obligasyon pou rannkont li a atravè yon sistèm jesyon ki:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. fè limyè sou wòl jesyon an ak responsablite yo, konsèy administrasyon an ladan l tou;</li> <li>2. baze sou yon seri demach ki asire resous yo itilize yon fason ki kòrèk pou reyalize objektif yo;</li> <li>3. fè anplwaye yo patisipe nan pran desizyon yo, ak</li> <li>4. pèmèt yon amelyorasyon san kanpe.</li> </ol>	1	Prèw sou chak pwen nan egzijans yo ki gen rapò ak angajman nan demach pou obligasyon pou rannkont lan
		2	Yon estrateji oubyen plan pou mete demach pou obligasyon pou rannkont lan an pratik
		3	Entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo nan diferan nivo yo

## Egzijans anplis pou òganizasyon kap travay ak patnè

Egzijans yo		Mwayen pou kontwole yo	
1.3	Angajman òganizasyon an pou travay an patenarya baze sou obligasyon pou rannkont youn pou lòt, respè ak amelyorasyon san kanpe, dwe fè parèt demach pou obligasyon pou rannkont lan.	1	Demach pou obligasyon pou rannkont lan
1.4	Òganizasyon an dwe ekri: 1. apwòch li genyen an jeneral pou travay an patenarya; 2. demach la ak kondisyon pou chwazi patnè yo ak wòl obligasyon pou rannkont lan nan evalye moun ki ka vin patnè yo, ak 3. sou kisa nou ka negosye ak sou kisa nou pa ka negosye, lè n ap travay ak patnè yo, sitou nan referans ak demach pou obligasyon pou rannkont lan.	1	Dokiman sou apwòch òganizasyon an sou travay ak patnè
		2	Dokiman, tankou règ pou anplwaye yo, sou seleksyon patnè yo
1.5	Òganizasyon an dwe travay avèk chak patnè li pou mete yo dakò sou: 1. atant ak aranjman sou travay la; 2. angajman patnè yo genyen ak moun yo yo vle ede ak sou kijan angajman sa yo pral respekte, ak 3. eske òganizasyon an pral kominike avèk moun li vle ede yo epi kijan?	1	Entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo nan òganizasyon an menm ak patnè li yo tou, ak prèv, tankou rapò reyinyon yo, sou demach pou pran desizyon ansanm.
		2	Akò patnè yo, osinon lòt dokiman enpòtan ki gide aranjman patenarya a
1.6	Òganizasyon an dwe travay ak patnè li yo pou amelyore fason patnè li yo ap mete an pratik pati ki enpòtan nan demach pou obligasyon pou rannkont lan.	1	Entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo sou sa, ak prèv (tankou planifikasyon ak rapò yo) sou aktivite pou amelyore pratik patnè yo
		2	Egzanp amelyorasyon yo

## 2. Konpetans anplwaye yo

**Òganizasyon an asire anplwaye yo gen konpetans ki pèmèt yo respekte angajman yo òganizasyon an te pran.**

Egzijans yo		Mwayen pou kontwole yo	
2.1	Òganizasyon an dwe di ak ekri aklè ki kalite konesans, abilite, konpòtman ak atitid anplwaye yo bezwen pou yo ka respekte angajman li yo.	1	Deskripsyon travay, jan yo bay moun yo travay nan enstitisyon an ak dosye, avi pòs ki vid yo ak regleman pou anplwaye yo
		2	Entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo ki responsab pou bay travay, pran randevou, devlopman anplwaye yo ak revizyon pèfòmans yo
2.2	Òganizasyon an dwe genyen yon regleman pou anplwaye ki ale nan sans sa a: 1. pa eksplwate ak fè moun yo abi, kap gen ladan l eksplwatasyon seksyèl ak abi seksyèl; 2. Se pou ou sansib pou kilti lokal la, epi 3. Se responsablite anplwaye yo pou denonse abi yo.	1	Regleman pou anplwaye yo ak regleman ki gen rapò ak sa
2.3	Òganizasyon an dwe asire anplwaye yo konprann regleman an byen epi ki responsablite yo genyen nan demach pou obligasyon pou rannkont lan.	1	Fason pou entrodwi ak enfòmè anplwaye yo lè yo kòmanse travay pou òganizasyon an
		2	Echantiyon kontra ak kopi regleman an ki siyen
		3	Entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo
2.4	Òganizasyon an dwe tout tan ak chak fwa menm jan evalye pèfòmans anplwaye li yo sou konesans, abilite, konpòtman ak atitid yo bezwen pou respekte angajman yo epi travay sou sa a.	1	Yon demach ki gen sipò dokiman ak prèv pou evalyasyon pèfòmans anplwaye yo
		2	Entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo
		3	Egzanp sou aksyon ki toujou menm jan an kòm swit evalyasyon an, tankou lè anplwaye yo pa respekte regleman an
2.5	Òganizasyon an dwe toujou ap devlope kapasite anplwaye li yo pou yo ka pi byen respekte angajman yo.	1	Egzanp ak prèv nan aktivite devlopman kapasite anplwaye yo, ansanm ak rapò sou fòmasyon yo
		2	Entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo sou rezilta aktivite devlopman kapasite anplwaye yo

## Egzijans anplis pou òganizasyon kap travay ak patnè

Egzijans yo		Mwayen pou kontwole yo	
<b>2.6</b>	Òganizasyon an dwe asire anplwaye li yo k ap travay ansanm ak patnè li yo konprann akò patenarya yo, konsekans demach pou obligasyon pou rannkont òganizasyon an pou patnè li yo ak obligasyon chak patnè a.	<b>1</b>	Prèk ak entèvyou (chita pale) sou demach pou anplwaye enpòtan yo ka konprann akò patenarya yo ak konsekans li genyen
		<b>2</b>	Entèvyou (chita pale) ak anplwaye òganizasyon an ak anplwaye patnè li yo sou objektif, kontni ak enpòtans akò patenarya yo genyen.
<b>2.7</b>	Òganizasyon an dwe travay ak patnè li yo pou mete yo dakò sou konesans, abilite, konpòtman ak atitud yo anplwaye yon patnè bezwen genyen pou yo ka respekte angajman yo ak pou asire bagay sa yo parèt nan yon regleman pou anplwaye (tankou nan egzijans 2.2 a).	<b>1</b>	Entèvyou (chita pale) ak anplwaye òganizasyon an ak anplwaye patnè li yo tou, ak prèk, tankou rapò reyinyon yo nan yon demach pou pran desizyon nan tèt ansanm
		<b>2</b>	Regleman pou anplwaye patnè yo
<b>2.8</b>	Òganizasyon an dwe travay ak patnè li yo pou amelyore fason patnè li yo itilize epi swiv regleman pou anplwaye li yo.	<b>1</b>	Entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo sou aktivite pou amelyore pratik patnè yo epi prèk pou sa a (tankou planifikasyon ak rapò yo)
		<b>2</b>	Egzanp amelyorasyon yo

### 3. Bay enfòmasyon

Òganizasyon an asire moun yo li vle ede yo ak lòt moun ki konsène gen aksè ak enfòmasyon sou òganizasyon an ak aktivite li yo ki vini alè, ki enpòtan epi ki klè.

Egzijans yo		Mwayen pou kontwole yo	
<b>3.1</b>	Òganizasyon an dwe defini ak ekri demach pou bay enfòmasyon, ki gen ladan l: 1. angajman pou bay enfòmasyon korèk epi alè ; 2. ki kalite enfòmasyon l ap bay moun yo l ap cache ede ak lòt moun ki konsène yo; 3. kijan desizyon yo pral pran sou kilè ak kijan yo pral bay enfòmasyon; ak 4. kondisyon yo y ap itilize pou decide lè yo pap bay enfòmasyon.	<b>1</b>	Dokiman sou demach bay enfòmasyon, tankou yon deklarasyon antrepriz ak règ pou anplwaye yo
<b>3.2</b>	Òganizasyon an dwe bay moun li vle ede yo ak lòt moun ki konsène enfòmasyon ki reponn ak bezwen yo, tankou: 1. listwa òganizasyon an ak detay kontak li yo; 2. demach pou obligasyon pou rannkont li a, regleman pou anplwaye yo ak fason pou pote plent; 3. objektif li yo ak objektif projè li a, rezilta n ap atann nan tan ki te fikse, yon rezime finansye, rezime evalyasyon ak rapò sou pwogrè yo; 4. wòl ak responsablite anplwaye yo; 5. kondisyon pou seleksyonnen gwoup sib yo ak bagay ki dwe bay jan nou te mete nou dakò sou li nan egzijans 4.2 a, epi 6. jan opinyon ki soti nan aktivite patisipasyon yo te kontribye nan desizyon yo.	<b>1</b>	Prè yo, epi entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo epi ak fi, gason, tigason ak tifi ki viktim yon kriz sou demach pou devlope yon plan enfòmasyon ki patikilye pou sitiasyon an.
		<b>2</b>	Obsèvasyon ak entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo epi ak fi, gason, tigason ak tifi ki viktim yon kriz pou konfime enfòmasyon an sikile
		<b>3</b>	Egzanp ki soti nan medya ak prè yo aktivite pataj enfòmasyon
<b>3.3</b>	Òganizasyon an asire kalite enfòmasyon ki nan egzijans 3.2 a prezante nan yon langaj, fòma ak nan medya apwopriye epi ki fasil pou moun yo yo vle ede ak lòt moun ki konsène yo kapab byen jwenn ak konprann enfòmasyon sa yo.	<b>1</b>	Obsèvasyon, prè yo ak entèvyou (chita pale) pou konfime demach la te fèt pou decide sou ki langaj, fòma ak medya ki apwopriye kote tout moun ka jwenn yo
		<b>2</b>	Entèvyou (chita pale) ak moun òganizasyon an vle ede ak lòt moun ki konsène yo
<b>3.4</b>	Òganizasyon an dwe asire anplwaye li yo idantifye / prezante yo devan moun yo yo vle ede ak lòt moun ki konsène yo.	<b>1</b>	Obsèvasyon, prè yo ak entèvyou (chita pale) pou konfime kijan anplwaye yo idantifye / prezante yo, kat idantifikasyon an ak dat jouk ki lè li ka itilize l, non òganizasyon an ansanm ak detay kontak li yo
		<b>2</b>	Entèvyou (chita pale) ak moun òganizasyon an vle ede ak lòt moun ki konsène yo

## Egzijans anplis pou òganizasyon kap travay ak patnè

Egzijans yo		Mwayen pou kontwòl yo	
<b>3.5</b>	Nan tèt kole ak patnè li yo, òganizasyon an dwe rann piblik tout non patnè li yo, prensipal aktivite yo fè ansanm ak yon rezime finansye sou pwogram l ap finanse a.	<b>1</b>	Entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo nan òganizasyon an ak anplwaye patnè li yo, ak prèv, tankou rapò reyinyon yo nan yon demach pou pran desizyon nan tèt ansanm
		<b>2</b>	Egzanp ak prèv aktivite sou pataj enfòmasyon
<b>3.6</b>	Òganizasyon an dwe travay ak patnè li yo pou yo mete yo dakò sou kijan ak kilè yo pral pataje enfòmasyon, tankou ak moun yo vle ede, epi sou kijan yo pral mete akò sa a an pratik.	<b>1</b>	Yon plan sou ki kalite enfòmasyon patnè yo ap bay
		<b>2</b>	Egzanp ak prèv aktivite sou pataj enfòmasyon ak entèvyou (chita pale) ak fi, gason, tigason, tifi ki viktim epi ak anplwaye òganizasyon patnè yo
<b>3.7</b>	Òganizasyon an dwe travay ak patnè li yo pou amelyore fason patnè li yo respekte egzijans soti nan 3.1 rive 3.4 la.	<b>1</b>	Entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo sou sa, ak prèv (tankou planifikasyon ak rapò yo) sou aktivite pou amelyore pratik patnè yo
		<b>2</b>	Egzanp amelyorasyon yo

## 4. Patisipasyon

Òganizasyon an koute moun yo li vle ede epi li rantre lide ak analiz pa yo nan desizyon yo sou pwogram nan.

Egzijans yo		Mwayen pou kontwole yo	
4.1	<p>Òganizasyon an dwe defini ak ekri demach la l ap itilize pou:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. idantifye ki kalite moun li vle ede ak kiyès gen dwa reprezante moun sa yo, san yo pa bliye pale koze jan, laj, diferan kalite moun ak moun ak bezwen espesyal yo; epi</li> <li>2. bay fi, gason, tigason ak tifi yo òganizasyon an vle ede ak lòt moun ki konsène yo posibilite pou yo patisipe nan diferan faz projè a.</li> </ol>	1	Dokiman sou demach patisipasyon an, tankou yon deklarasyon antrepriz ak règ pou anplwaye yo
4.2	<p>Òganizasyon an dwe devlope epi mete an plas demach yo ki apwopriye ak sitiyasyon an pou moun yo li vle ede ak lòt sinistre yo kapab enflyanse ak bay opinyon yo sou:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. premye evalyasyon an;</li> <li>2. konsepsyon projè a, sa pou bay yo, kondisyon pou seleksyonnen gwoup sib yo ak demach seleksyon an;</li> <li>3. egzekisyon pwojè a, ak</li> <li>4. swivi ak evalyasyon.</li> </ol>	1	Prèk ak entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo epi ak fi, gason, tigason ak tifi ki viktim yon kriz sou demach pou devlope yon plan patisipasyon ki adapte pou sitiyasyon an
		2	Obsèvasyon ak entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo epi ak fi, gason, tigason ak tifi ki viktim yon kriz pou konfime gen bon jan patisipasyon
		3	Egzanp ak prèk sou aktivite ki fè moun yo patisipe
4.3	<p>Òganizasyon an dwe bay moun yo li vle ede yo posibilite pou yo bay komantè ak enflyanse oubyen pran desizyon sou projè a yon fason ki toujou adapte ak sitiyasyon an epi èntèkansyon an. Omwens, yo dwe enfòm yo pou jwenn konsantman yo avan yo poze tout aksyon.</p>	1	Obsèvasyon, prèk ak entèvyou (chita pale) ki konfime demach la òganizasyon an itilize pou evalye kapasite moun yo pou yo patisipe ak deside kisa ki ta bon pou yo.
		2	Prèk sou konsantman enfòm ak lòt aktivite kote moun yo te patisipe
		3	Egzanp ak prèk sou lide moun yo ki enflyanse desizyon yo

## Egzijans anplis pou òganizasyon kap travay ak patnè

Egzijans yo		Mwayen pou kontwole yo	
4.4	Òganizasyon an dwe travay ak patnè li yo pou mete yo dakò sou ki jan moun yo yo vle ede yo ap patisipe nan diferan faz projè a epi sou kijan y ap mete akò sa a an pratik.	1	Entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo nan òganizasyon an menm ak patnè li yo ak prèv, tankou rapò reyinyon yo nan yon demach pou pran desizyon nan tèt ansanm
		2	Dokiman, tankou yon plan sou kijan moun yo vle ede yo pral patisipe
		3	Entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo ak moun òganizasyon an vle ede pou konfime patisipasyon an fèt jan yo te mete yo dakò sou li a
4.5	Òganizasyon an dwe travay ak patnè li yo pou amelyore fason patnè li yo respekte egzijans soti nan 4.1 rive nan 4.3 a.	1	Entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo sou aktivite pou amelyore pratik patnè yo, ak prèv sou sa a (tankou planifikasyon ak rapò yo)
		2	Egzanp amelyorasyon yo

## 5. Jere plent

Òganizasyon an bay moun li vle ede yo ak lòt moun ki konsène yo posiblite pou yo pote plent ak jwenn yon repons atravè yon demach ki efikas, aksesib ak kote moun nan ka santi l an sekirite.

Egzijans yo		Mwayen pou kontwole yo	
5.1	<p>Òganizasyon an dwe defini ak ekri yon fason pou jere plent, ki gen ladan l:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. moun yo li vle ede, anplwaye yo ak lòt moun ki konsène yo ki gen dwa pote plent epi resevwa yon repons;</li> <li>2. objektif ak limit fason pou jere plent lan;</li> <li>3. kijan yon moun ka pote plent;</li> <li>4. etap yo pran pou jere plent yo, fason pou envestige yo ak tan ki prevwa pou bay repons lan;</li> <li>5. demach ki pemèt dekouvri ka eksplwatasyon ak abi, ansanm ak sa yo ki gen pou wè ak sèks;</li> <li>6. an sekre, san vanjans, posibilite pou fè apèl ak sipò pou moun k ap pote plent ak rele nenpòt temwen, epi</li> <li>7. demach kote ou ka san danje refere moun yo k ap pote plent pou ale jwenn yon twazyèm moun, si plent lan se sou yon pwoblèm òganizasyon an pa ka rezoud, tankou atansyon medikal ak sipò sikolojik, sosyal osinon sipò legal.</li> </ol>	1	Fason pou pote plent
5.2	<p>Òganizasyon an dwe idantifye ak mete sou pye yon fason pou jere plent ki baze sou preferans moun yo li vle ede, anplwaye yo ak lòt moun ki konsène yo, aprè yo fin konsilte yo.</p>	1	Prè yo ak entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo epi ak fi, gason, tigason ak tifi ki viktim yon kriz sou demach konsiltasyon an nan fason pou jere plent ak mo ki pi bon pou itilize nan sans sa a
		2	Egzanp ak prè yo ki montre se konsiltasyon yo ki te gide devlopman fason pou jere plent yo
5.3	<p>Òganizasyon an dwe asire moun yo li vle ede, anplwaye yo ak lòt moun ki konsène yo konprann fason pou jere plent yo.</p>	1	Prè yo ak entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo sou demach la pou konfime gwoup sib yo konprann fason pou jere plent yo
		2	Obsèvasyon ak entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo epi ak fi, gason, tigason ak tifi ki viktim yon kriz pou konfime yo konprann fason pou jere plent yo
5.4	<p>Òganizasyon an dwe asire li jere plent yo dapre fason li mete an plas epi poze aksyon lè li jwenn plent yo.</p>	1	Prè ak entèvyou (chita pale) yo pou konfime fason pou plent yo respekte, sitou sou repons yo ak presizyon sou konbyen tan ki prevwa pou bay repons lan
		2	Yon echantyon plent ki la yo ak sa ki fin jere yo
		3	Entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo, moun yo òganizasyon an vle ede ak lòt moun ki konsène yo
		4	Egzanp aksyon yo ki te poze kòm rezilta plent yo

## Egzijans an plis pou òganizasyon kap travay ak patnè

Egzijans yo		Mwayen pou kontwole yo	
<b>5.5</b>	Òganizasyon an dwe travay ak patnè li yo pou mete yo dakò sou ki jan yo pral pote ak jere plent youn kont lòt yon fason ki aksesib, ki an sekirite epi sou kijan y ap mete akò sa a an pratik.	<b>1</b>	Entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo nan òganizasyon an ak anplwaye patnè li yo ak prèv, tankou rapò reyinyon nan yon demach pou pran desizyon nan tèt ansanm
		<b>2</b>	Dokiman sou kijan òganizasyon an ak patnè li yo ap jere plent yo.
		<b>3</b>	Obsèvasyon, prèv ak entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo pou konfime ni òganizasyon ni patnè li yo respekte fason pou jere plent yo kote yo te mete yo dakò sou li
<b>5.6</b>	Òganizasyon an dwe travay ak patnè li yo pou mete yo dakò sou kijan yo pral bay moun yo yo vle ede yo posibilite pou yo pote plent bay patnè yo, epi tou sou kilè patnè yo pral voye plent lan bay òganizasyon an epi mete akò sa a an pratik.	<b>1</b>	Dokiman yo, tankou fason pou jere plent yo sou kijan patnè a ap jere plent yo
		<b>2</b>	Obsèvasyon, prèv ak entèvyou (chita pale) pou konfime plent yo jere tankou jan yo te mete yo dakò sou li
<b>5.7</b>	Òganizasyon an dwe travay ak patnè li yo pou amelyore fason patnè li yo respekte egzijans yo soti nan 5.1 rive nan 5.4.	<b>1</b>	Entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo sou aktivite pou amelyore pratik patnè yo, ak prèv pou sa a (tankou planifikasyon ak rapò yo)
		<b>2</b>	Egzanp amelyorasyon yo

## 6. Aprantisaj ak amelyorasyon san kanpe

Òganizasyon an ap aprann nan eksperyans li yo pou amelyore pèfòmans li chak jou.

Egzijans yo		Mwayen pou kontwole yo	
6.1	Òganizasyon an dwe defini ak ekri demach yo pou aprann byen, ki soti nan swivi, evalyasyon ak plent yo.	1	Dokiman yo sou demach aprantisaj yo, tankou yon deklarasyon antrepriz ak règ pou anplwaye yo
6.2	Òganizasyon an pa janm dwe sispann evalye travay li, sitou nan sa ki gen awè ak demach pou obligasyon pou rannkont lan, konpetans anplwaye yo, bay enfòmasyon, bay posiblite pou patisipe, jere plent ak aprantisaj.	1	Rapò yo sou progrè, ansanm ak Regleman HAP sou kondisyon ou dwe swiv yo
		2	Entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo, sinistre yo ak lòt moun ki konsène yo sou demach swivi yo
6.3	Òganizasyon an dwe tabli nan sijè li devlope nan evalyasyon an yon objektif pou evalye pwogrè nan respekte demach pou obligasyon pou rannkont li a.	1	Evalyasyon tèm referans ak planifikasyon yo
		2	Pati nan rapò evalyasyon yo sou obligasyon pou rannkont, ki gen aprantisaj ladan l tou
6.4	Òganizasyon an dwe asire aprantisaj sa a, ni sa ki sou obligasyon pou rannkont lan, rantre nan planifikasyon travay la san pèdi tan	1	Prè ak entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo nan yon demach pou kontwole si aprantisaj la parèt anndan planifikasyon travay la
		2	Planifikasyon travay la pou fè swivi sou rezilta yo ki soti nan demach aprantisaj yo
		3	Entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo ak egzanp rezilta ki soti nan swivi ak evalyasyon, plent ak lòt demach aprantisaj ki kore amelyorasyon yo

## Egzijans anplis pou òganizasyon kap travay ak patnè

Egzijans yo		Mwayen pou kontwole yo	
<b>6.5</b>	Òganizasyon an dwe travay ak patnè li yo pou mete yo dakò sou ki jan yo pral fè swivi ak evalye pwogram yo, kalite patenarya a ak pèfòmans yo te mete yo dakò youn ak lòt epi sou kijan y ap mete akò sa a an pratik.	<b>1</b>	Entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo nan òganizasyon an menm ak patnè li yo ak prèv, tankou rapò reyinyon nan yon demach pou pran desizyon nan tèt ansanm
		<b>2</b>	Dokiman yo, tankou yon plan, sou kijan youn ap swiv lòt ak sou kijan pou yo evalye patenarya a
		<b>3</b>	Entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo ak egzanp sou kijan youn reponn sou komantè, sijèsyon ak aprantisaj lòt la
<b>6.6</b>	Òganizasyon an dwe travay ak patnè li yo pou amelyore fason patnè li yo respekte egzijans yo soti nan 6.1 rive nan 6.4.	<b>1</b>	Entèvyou (chita pale) ak anplwaye yo sou aktivite pou amelyore pratik patnè yo, ak prèv sou sa a (tankou planifikasyon ak rapò yo)
		<b>2</b>	Egzanp amelyorasyon yo

### Prensip obligasyon pou rannkont HAP yo

#### 1. Angajman pou regleman imanité ak dwa yo

- Manm yo deklare angajman yo pou respekte ak adopte regleman imanité yo ak dwa benefisyè yo

#### 2. Tabli regleman ak devlope kapasite

- Manm yo mete sou pye yon demach sou obligasyon pou rannkont pou moun ki konsène yo \*
- Manm yo mete sou pye regleman ak endikatè pèfòmans yo. Yo evalye yo detanzantan. Y ap revize yo si sa nesesè
- Manm yo bay bonjan fòmasyon sou itilizasyon ak reyalizasyon regleman yo

#### 3. Kominikasyon

- Manm yo enfòme ak konsilte moun ki konsène yo, sitou benefisyè yo ak anplwaye yo, sou regleman yo adopte, pwogram y ap reyalize ak mekanis ki disponib pou adrese krent yo

#### 4. Patisipasyon nan pwogram yo

- Manm yo enplike benefisyè yo nan planifikasyon, reyalizasyon, swivi ak evalyasyon pwogram yo ak bay yo rapò sou progrè a, yo sèlman pa bezwen fè sa si yo gen gran difikilte nan egzekisyon an

#### 5. Swivi ak bay rapò sou respè prensip yo

- Manm yo enplike benefisyè ak anplwaye yo, lè yo kontwole ak revize regleman yo
- Manm yo kontwole ak evalye toutan si regleman yo respekte, pou fè sa, yo itilize yon demach byen solid
- O mwens chak lane manm yo bay rapò bay moun ki konsène yo, ak benefisyè tou, sou konfòmite yo ak regleman yo. Bay rapò ka pran anpil fòm diferan.

#### 6. Reyaji sou plent

- Manm yo bay benefisyè ak anplwaye yo posiblite pou pote plent ak chache koreksyon an sekirite

#### 7. Reyalizasyon atravè Patnè yo

- Manm yo yo pran angajman pou reyalize prensip sa yo, si ak lè y ap travay ak patnè yo pou egzekisyon yo

\* Demach pou obligasyon pou rannkont gen ladan l regleman, regleman kalite, prensip, politik, règ, fòmasyon ak lòt travay k ap devlope kapasite yo, elatriye. Demach la dwe gen endikatè pèfòmans mezirab ladan l. Regleman yo ka entèn pou youn òganizasyon osinon yo ka kolektif, pa egzanp Sphere (Esfè) oubyen People In Aid (Moun ki nan bezwen).

## Lòt materyèl ki gen rapò ak menm tèm nan

Regleman HAP la fè pati yon seri materyèl sou obligasyon pou rannkont ak jesyon kalite HAP Entènasyonal te devlope. Men yo:

- Guide to the HAP Standard (Gid pou Regleman HAP la) – Li te devlope ak konsèy moun k ap itilize l, li ede òganizasyon yo itilize Regleman HAP la epi li bay eksplikasyon detaye sou Regleman an.
- Guide to HAP Certification (Gid pou Sètifikasyon HAP la) – Sekretarya HAP te pibliye l, li gen ladan l enfòmasyon sou fason pou jwenn yon sètifika HAP, avantaj li yo ak kijan pou ka prepare pou li.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou HAP la osinon pou jwenn lòt materyèl, ale nan sit wèb HAP la osinon kontakte Sekretarya HAP nan Jenèv.

## Yon nòt sou tradiksyon yo

Tradiksyon Regleman HAP la disponib sou sit wèb HAP la. Si ou ta renmen tradwi Regleman HAP la nan yon lòt lang, tanpri kontakte Sekretarya HAP la.

**Humanitarian Accountability Partnership** (Patenarya Imanitè Obligasyon pou Rannkont Entènasyon) se yon aksyon plisyè ajans kap travay pou amelyore nivo obligasyon pou rannkont aksyon imanitè pou sinistre yo. Manm HAP yo angaje pou respekte pi gwo regleman obligasyon pou rannkont ak jesyon kalite.

HAP se premye ògan nan sektè imanitè ki jere tèt li. HAP travay tèt kole ak kèk projè ak aksyon konplemantè ki pataje vizyon li sou demach pou obligasyon pou rannkont lan, ki transparan ak aksesib pou tout pati ki enterese yo.

**Regleman HAP 2010 sou Obligasyon pou rannkont ak Jesyon Kalite** ede òganizasyon yo ki ede, oubyen aji nan non, moun yo ki viktim yon kriz osinon ki gen ris pou sibi dezast, konfli, lamizè oubyen lòt kriz pou devlope, egzekite, evalye, amelyore ak rekonèt pwogram ki rannkont bay moun yo. Li reprezante yon opinyon anpil moun dakò sou li sou sa ki pi enpòtan lè òganizasyon yo angaje yo nan aksyon imanitè.

Edisyon 2010 Regleman an te devlope atravè yon kokenn chenn demach revizyon edisyon 2007 la. Plis pase 1,900 moun ki te viktim yon kriz, profesyonèl imanitè ak reprezentan bayè de fon yo te kontribye nan revizyon sa a. Yo te vini avèk yon seri eksperyans yo te viv ki soti nan diferan kalite gwoup.



**HAP International**

Maison Internationale de l'Environnement 2

Chemin Balxert 7

CH-1219 Châtelaine

Geneva, Switzerland

[www.hapinternational.org](http://www.hapinternational.org)